Platfòm Peyizan Ti Agrikiltè – Nò ak Nòdès Ayiti

Nou plante jodi a pou nou ka ba nou manje demen

REZIME

Platfòm sa a reflete priyorite komen plizyè òganizasyon peyizan ak ti agrikiltè nan Nò ak Nòdès Ayiti. Nou soumèt li bay Bank Entè-ameriken Devlopman (BID) ak Ministè Agrikilti (MARNDR) pandan y ap fè konsepsyon yon nouvo pwogram agrikòl ki vo $44 milyon dola US pou de (2) depatman sa yo.

Yon sondaj resan sou 1 100 agrikiltè nan 74 kominote konfime yo fè fas ak yon seri defi alontèm — mank dlo, semans, kredi, zouti, ak aksè pou vann pwodwi yo nan mache — men yo preske pa gen ankenn enfliyans sou fason resous yo distribiye, oswa sou fason pwogram yo elabore. Platfòm sa a se yon fason pou fè pledwaye pou yon apwòch diferan.

OBJEKTIF NOU YO

1. Fè agrikilti lokal vin tounen yon fòs pou sekirite alimantè ak devlopman ekonomik.
2. Sansiblize jèn yo ak medam yo pou yo rann yo kont gen yon avni nan agrikitli
3. Pèmèt agrikiltè yo jwenn plis benefis nan sa yo pwodwi.
4. Ranfòse kapasite gouvènman ayisyen ak enstitisyon sivik pou ede agrikiltè adapte yo ak sèchès epi ak chanjman klimatik.

PRIYORITE NOU YO

1. **Konsiltasyon:** BID ak MARNDR dwe òganize reyinyon konsiltasyon nan chak komin anvan yo finalize konsepsyon pwojè a. Agrikiltè yo se ajan chanjman yo ye, nou pa dwe wè yo kòm senp benefisyè, epi bayè yo dwe tande vwa pa yo.

2. **Jesyon dlo:** Akifè ki nan rejyon an, ki rele Akifè Plenn di Nò–Masak la, ap diminye. Rejyon an bezwen yon plan jesyon dlo konplè ki pwoteje dlo anba tè sa yo epi ki priyorize aksè pou ti agrikiltè yo.

3. **Irigasyon:** Plis pase 90% nan agrikiltè ap travay sou kont lapli sèlman. Envestisman imedya nan ponp solè, kanal irigasyon, ak estrikti estokaj dlo yo esansyèl.

4. **Bank semans:** Kreye yon seri bank semans kominotè pèmanan ak fòme miltiplikatè semans lokal nan chak Depatman pou konstwi yon sistèm pwodiksyon semans lokal ak dirab.

5. **Edikasyon ak fòmasyon:** Afekte yon seri agwonòm ki etidye Ayiti nan chak komin epi kreye sant fòmasyon pou ede jèn yo fè agrikilti.

6. **Agwoekoloji ak kalite sòl:** Envesti nan restorasyon tè, agwoforestri, ak rebwazman.

7. **Agrikilti kowoperativ:** Sipòte asosyasyon agrikiltè ak kowoperativ pou mete tè, mendèv, ak resous plizyè kiltivatè ansanm. Ranplase sistèm distribisyon entran yo bay agrikiltè endividyèl ak yon modèl ki baze sou kominote antyè.

8. **Bank zouti:** Mete sou pye yon seri bank zouti, ki ap jere pa kowoperativ yo, pou prete kiltivatè yo.

9. **Aksè ak kredi:** Kreye plizyè fon kredi, ki ap jere pa kominote lokal yo, ki bay prè ak yon to enterè ki ba epi ki ap adapte selon sezon plantasyon an.

10. **Kloti, èlvaj ak papye tè:** Finanse kloti kominotè pou pwoteje rekòt, entegre elvaj nan sistèm pwodiksyon ti agrikiltè yo, epi apiye jefò pou amelyore aksè ak papye tè yo.

11. **Asirans Kont Risk:** Kreye yon sistèm asirans rekòt ki aksesib pou kiltivatè yo ak yon sistèm alèt prekòs pou dezas.

12. **Wout:** Reyabilite wout ki mennen nan jaden yo pou konekte tè agrikòl yo ak mache yo.

13. **Transfòmasyon pwodwi agrikòl:** Envesti nan depo estokaj ak sant transfòmasyon ki baze nan kominote lokal yo pou ede kominote yo jwenn plis benefis nan sa yo rekòlte.

1 Konsiltasyon

Pwojè devlòpman agrikòl ki finanse pa bayè entènasyonal an Ayiti souvan pa rive satisfè objektif yo genyen, paske yo pa konsilte ti plantè yo ase. Pou yo ka jwenn pi bon rezilta, yo dwe trete òganizasyon ayisyen yo kòm patnè tout bon, respekte konesans lokal yo, epi konsilte plantè yo ak òganizasyon lokal yo nan chak etap – kit se evalyasyon ansyen pwojè oubyen konsepsyon, egzekisyon ak swivi nouvo pwojè yo.

Yon sondaj resan OPODHA te mennen sou 1 100 agrikiltè nan 74 kominote diferan te konfime agrikiltè yo fè fas ak yon seri defi alontèm men yo konprann pwoblèm sa yo byen – nou ka site mank dlo, semans, kredi, zouti, ak aksè pou vann pwodwi yo nan mache – men yo pa preske gen ankenn enfliyans sou fason resous yo distribiye, oswa sou fason pwogram yo elabore.

BID ak MARNDR ta dwe fè jefò pou yo koute anpil agrikiltè ak asosyasyon **anvan yo pran desizyon sou konsepsyon nouvo pwojè yo,** epi yo dwe chèche apwobasyon Konsèy BID la anvan yo egzekite nouvo pwojè agrikilti dirab yo a nan depatman Nò ak Nòdès yo, ki vo $44 milyon dola US.

Pwosesis konsiltasyon sa a ta dwe gen ladan:

1.1 Travay avèk asosyasyon peyizan ki egziste deja yo pou òganize yon seri atelye konsiltasyon kominotè nan **chak komin** kote pwojè a gen pou l travay.

1.2 Direktè Depatmantal Agrikilti ak Ofisye Agrikòl Kominal yo ta dwe patisipe nan reyinyon sa yo.

1.3 Atelye sa yo se pou **koute** agrikiltè yo: BID ak MARNDR ta dwe koute agrikiltè yo nan chak komin pou konprann priyorite ak bezwen yo genyen.

1.4 Itilize rezilta sondaj la pou enfòme pwosesis pou defini entèvansyon ki pral fèt nan pwojè a.

1.5 Ekri ak dokimante priyorite agrikiltè yo anvan yperyòd konsepsyon pwojè a fini.

Bayè yo dwe wè agrikiltè yo kòm aktè chanjman, pa kòm viktim oswa benefisyè yon pwojè.

2 Plan Jesyon Dlo

Sa a fè plis pase diz an kounyeya depi depatman Nò ak Nòdès nan peyi Ayiti ap fè fas ak yon gwo sèchrès. Kondisyon sa yo kreye anpil obstak ak risk pou kiltivatè yo - mank dlo lapli, tè a ki two sèch, debwazman, ak rediksyon nivo dlo a, ki fè pwi ki pa fon yo vin sèch.

Rezilta sondaj la konfime sèchrès se pi gwo kòz pèt rekòt yo, epi li afekte prèske senkant pousan nan agrikiltè yo, tandiske inondasyon ak move drenaj dlo sifas yo kontribye nan pèt sa yo tou. An menm tan, agrikiltè yo di nou plis pase senkant pousan nan tè agrikòl yo gen yon sous dlo ki toupre, men yo manke enfrastrikti pou itilize sous sa yo byen.

Akifè (dlo anba tè) ki rele Akifè Plenn di Nò–Masak la se yon sous dlo ki enpòtan anpil pou agrikiltè ak lòt itilizatè dlo nan Nò ak Nòdès. Sepandan, san yon bon planifikasyon ak pwoteksyon anviwònman, Nap la ap diminye epi gran plantè endistiryèl yo ap itilize twòp dlo; anplis sa a, gen dlo sale ki sòti nan lanmè a ki kòmanse antre nan Nap la nan zòn bò lanmè yo tou.

Nò ak Nòdès bezwen yon plan jesyon dlo, distribisyon, ak pwoteksyon basen vèsan pou tout rejyon an ki jwenn yon ekilib ant bezwen ti agrikiltè yo, itilizasyon domestik, ak gwo plantè yo.

BID ak MARNDR ta dwe kowòdone aksyon pa yo avèk Ministè Anviwònman, Ministè Travay Piblik, Transpò ak Kominikasyon, Direksyon Nasyonal pou Dlo Potab ak Asènisman, Ministè Planifikasyon ak Kowoperasyon Ekstèn, ak Ministè Enteryè ak Kolektivite Tèritoryèl. Enstitisyon sa yo ta dwe travay ansanm ak gouvènman komin yo, CASEC ak ASEC yo, asosyasyon itilizatè dlo lokal yo ak òganizasyon peyizan yo, pou kreye ansanm yon **plan jesyon dlo konplè pou Akifè Plenn di Nò–Masak la** ki jwenn yon bon ekilib ant diferan itilizatè dlo yo.

Plan jesyon dlo a ta dwe gen ladan:Regulation of large-scale water extraction to protect the aquifer

- **2.1** Kontwole itilizatè k ap pran anpil dlo nan tè a pou pwoteje akifè a (dlo anba tè yo)
- **2.2** Pran mezi pou pwoteje basen vèsan yo ak fè pwojè rebwazman
- **2.3** Katografi resous dlo ak itilizasyon nan tout rejyon an, baze sou rechèch egzistan
- **2.4** Bay finansman pou fouye pwi ki pi fon, tiyo, ak basen kaptaj pou rann dlo disponib tout kote itilizatè yo bezwen l
- **2.5** Konstwi yon seri sitèn dlo lapli kominotè pou kapte ak estoke dlo pandan sezon lapli yo, pou yo ka itilize l pandan peryòd sechrès yo
- **2.6** Kreye estrikti gouvènans ki gen ladan gwoup itilizatè dlo lokal

Plan an ta dwe pèmèt kominote lokal yo ak ti agrikiltè yo adapte yo ak sechrès nan yon fason alontèm ak dirab.

3 Irigasyon

Agrikiltè yo souvan idantifye irigasyon kòm premye obstak ki limite pwodiksyon yo a. Gen plizyè faktè ki anpeche pwodiksyon agrikòl la ogmante, oubyen ki fòse plantè yo pou yo pa kiltive kèk pasèl, tankou sèchrès, bès nivo dlo ki anba tè a, pi ki vin sèch, ak deteryorasyon enfrastrikti irigasyon egzistan.

Rezilta sondaj yo montre plis pase 90% agrikiltè pa gen aksè ak sistèm irigasyon yo epi yo plante sou lapli sèlman. Menm nan zòn kote dlo disponib, pifò agrikiltè manke ekipman ak enfrastrikti pou itilize li.

Finansman BID bay MARNDR ta dwe ede asosyasyon ak kowoperativ agrikiltè yo konstwi yon seri ti sistèm irigasyon pou yo ka itilize touswit.

3.1 **Envestisman rapid** nan domèn irigasyon yo ta dwe gen ladan :

i. Ponp solè
ii. Fouye ti kanal irigasyon
iii. Reyabilite sistèm irigasyon ki deja egziste
iv. Founi teknoloji ba pri ki adapte pou pasèl ti agrikiltè yo

3.2 **Envestisman adisyonèl yo** ta dwe gen ladan :

i. Fòraj pi ki pi fon kote sa a nesesè pou atenn nivo dlo anba tè a
ii. Enstale sistèm tiyo pou distribye dlo a
iii. Konstwi basen kaptaj ak sistèm estokaj dlo
iv. Founi sistèm enèji renouvlab — ki gen ladan enèji solè — pou alimante ekipman irigasyon ak redwi depans opèrasyon pou asosyasyon agrikiltè yo

Tout fòm sipò bayè yo founi ta dwe pase pa asosyasyon dlo ak kowoperativ agrikiltè pou ranfòse kolaborasyon ki genyen ant agrikiltè yo epi asire antretyen alontèm.

4 Bank Semans

Youn nan pi gwo defi ki genyen pou agrikiltè yo nan depatman Nò ak Nòdès yo se difikilte pou jwenn semans bonjan kalite.

Plis pase 70% nan agrikiltè yo endike yo konn achte semans nan mache lokal la, kote kalite semans yo ka varye anpil. Kantite kiltivatè ki di nou yo gen aksè ak yon founisè semans sètifye oswa ki konn resevwa semans nan men òganizasyon yo minim anpil. Finalman, pifò kominote pa gen yon boutik entran agrikòl. Nou jwenn menm tandans sa yo atravè tout komin nan de depatman sa yo.

Pifò ansyen pwojè ki te genyen nan zòn nan te konn itilize semans enpòte, founisè ki se gran konpayi, koupon semans, ak distribisyon semans akoutèm olye pou yo te eseye konstwi sistèm semans lokal ki dirab.

BID ak MARNDR ta dwe ede etabli (a) bank semans kominotè pèmanan nan chak depatman, ansanm ak (b) fòme plizyè kiltivatè pou yo vin miltiplikatè semans lokal ki ka pwodwi ak vann semans yo bay bank semans yo oswa dirèkteman bay lòt agrikiltè.

4.1 Bank semans kominotè yo ta dwe gen ladan :

i. Enfrastrikti estokaj pou konsève kalite semans yo
ii. Teknisyen kalifye pou jere sistèm semans lan
iii. Sistèm byen etabli pou miltiplye ak distribye semans lokal
iv. Chans pou agrikiltè yo prete semans bon kalite epi remèt yo avèk enterè (yon ti kras semans anplis) aprè rekòt la.

4.2 Pwogram fòmasyon miltiplikatè semans lan ta dwe gen ladan :

i. Kreyasyon operasyon ti echèl ki baze sou modèl ti kiltivatè familyal
ii. Fòmasyon pou miltiplikatè semans yo sou pwodiksyon, rekòt, trètman,

estokaj, ak tès kalite.

iii. Aksè pou miltiplikatè yo ka jwenn semans fondasyon oswa semans seleksyone ki sòti nan sant rechèch yo.

iv. Ti sibvansyon oswa prè ak yon to enterè ki ba pou ede yo jwenn ekipman netwayaj, trètman ak anbalaj pou semans yo.

v. Sistèm asirans kalite ki adapte selon kapasite lokal yo (ki pa egzije yon nivo sètifikasyon entènasyonal ki konplè).

vi. Kontra oswa akò acha ant miltiplikatè semans yo ak bank semans kominotè yo pou kreye yon mache estab.

Si yon kominote gen bank semans kominotè ak miltiplikatè semans endividyèl ansanm, sa a ka ede kreye yon chenn valè semans ki dirab, santre nan kominote lokal yo, epi li pap depann de semans enpòte oswa bayè ekstèn yo. Pou ede ranfòse sistèm sa yo pi plis, bayè yo ta dwe apiye etid ak rechèch pou idantifye ak amelyore varyete semans lokal yo.

Efò sa yo ta dwe baze sou pi bon pratik nan lòt bank semans ayisyen, tankou Camp-Perrin.

5 Edikasyon ak fòmasyon

Agrikiltè nan Nò ak Nòdès Ayiti yo bezwen asistans teknik ak fòmasyon ki entegre epi byen adapte ak sosyete epi kilti rejyon an, epi ki respekte konesans ak pratik ki deja byen etabli nan kominote yo.

Agrikilti kounyeya, se sitou granmoun ki fè li, epi patisipasyon jèn yo minim, an pati paske agrikilti pa bay anpil benefis epi manke sistèm sipò. Rezilta sondaj nou an montre majorite agrikiltè gen plis pase 45 lane sou tèt yo, epi sa a montre ijans ki genyen pou ankouraje jèn yo antre nan domèn agrikilti a.

BID ak MARNDR ta dwe travay ak òganizasyon peyizan ak òganizasyon sosyete sivil lokal yo pou ranfòse ak devlope enfrastrikti egzistan yo, pou ede jèn yo prepare yo pou yo antre nan domèn agrikòl la.

Sipò sa a ta dwe gen ladan :

5.1 Yon fasilite edikasyon ak fòmasyon ki byen ekipe, baze nan kominote nan chak Depatman, kapab fòme jèn pou travay kòm tekniyen agrikòl ak vètèrinè.

5.2 Agwonòm ki fòme nan peyi a disponib pou agrikiltè ti peyizan nan chak komin agrikòl nan de depatman yo.

5.3 Sipò teknik kontinye pou agrikiltè sou tè, dlo, ak jesyon rekòlt ak dirabite anviwònman.

5.4 Entegrasyon fòmasyon ak irigasyon, sistèm semans, ak aktivite kooperativ.

5.5 Fòmasyon nan operasyon ak antrètyen debaz ekipman agrikòl, pou asire zouti ak sistèm irigasyon rete fonksyonèl apre pwojè a fini;

5.6 Fòmasyon sou pratik valè ajoute aprè rekòlt, ki enkli manipilasyon, estokaj, klasifikasyon kalite, ak lyen mache.

5.7 Entegrasyon chenn valè — kijan pou jwenn opòtinite mache, negosye ak achtè, satisfè ekzijans kalite ak volim, jere vant kolektif, ranfòse relasyon ak founisè entran agrikòl, transpòtè, ak enstitisyon finansyè.

5.8 Jesyon biznis pou òganizasyon agrikiltè — anrejistreman, kontabilize depans, pri, negosyasyon kolektif, gouvènans pwodiksyon kolektif oswa aktif estokaj.

Agwonòm yo pral travay ak asosyasyon peyizan yo pou ede agrikiltè yo adapte jaden yo ak sèchrès epi ak chanjman klimatik, adopte pratik ki pwoteje anviwònman an ak basen vèsan yo, epi ogmante benefis agrikiltè yo ak kominote yo tire nan efò yo a.

6 Agwoekoloji, sante sòl yo ak rebwazman



Aprè anpil ane debwazman, ewozyon sòl yo, ak pwodiksyon agrikòl ki depann de entran chimik, pasèl ti agrikiltè yo vin degrade anpil. Anplis, anpil agrikiltè travay tè ki nan mòn epi ki an pant. Reyabilite sante sòl yo ak rebwaze tè yo pou tabli yon bonjan kouvèti pyebwa nesesè pou asire yon bonjan pwodiksyon agrikòl dirab ak yon bon nivo sekirite alimantè alontèm.

Gen evidans ki sòti nan etid ki fèt nan depatman Nò Ayiti a ki montre agrikilti agwoekolojik la mache byen. Yon etid ki te fèt nan lane 2023 avèk Partenariat pou Devlopman Lokal (PDL), yon òganizasyon peyizan ayisyen k ap travay nan Nò Ayiti — kote yo te fè yon sondaj ak 330 fanmi ti plantè, konbine ak analiz done ki sòti nan imaj esatelit — te bay rezilta ki endike ti plantè ki te itilize pratik agrikilti agwoekolojik yo te jwenn yon rannman pa ekta ki de (2) fwa pi wo pase ti plantè ki te itilize pratik tradisyonèl yo. Ogmantasyon sa yo te rive fèt atravè yon seri inovasyon desantralize ki te fokis sou agrikiltè yo, epi ki ki te gaye atravè asosyasyon peyizan ak fòmasyon agrikiltè-a-agrikiltè, atravè asosyasyon peyizan ak òganizasyon sivik ki byen etabli nan kominote yo.

Tè ak sòl ki an sante konsève dlo, sa ki redwi vilnerabilite ak sèchrès. Sistèm agwoforestri yo bay lonbraj, anpeche ewozyon, ak rechaje dlo anba tè a — ki enkli Akifè Plenn di Nò–Masak la, ki se pi gwo sous dlo nan rejyon an epi ki rann agrikilti posib nan zòn nan. Rebwazman mòn yo ak basen vèsan an pwoteje pasèl ki nan bafon yo kont inondasyon, lavalas ak sedimantasyon.

Yon bonjan estrateji pou devlòpe sistèm agwoekoloji yo ta dwe gen ladan :

6.1 **Amènajman tè yo** — konpòs, kilti kouvèti, asosyasyon kilti, ak peryòd jachè (kite pasèl la san kilti) pou ranfòse kantite matyè òganik nan sòl la, ogmante kapasite retansyon dlo sòl la, redwi pèt orizyon sòl sipèfisyèl yo, ak amelyore rezistans sòl yo kont chanjman klimatik.

6.2 **Agwoforestri** — entegrasyon peybwa fwi, pyebwa pou pwokdisyon bwa, ak pyebwa ki fikse azòt nan sistèm pwodiksyon agrikòl yo pou amelyore fertilite sòl la, bay lonbraj, divèsifye revni agrikiltè yo, ak redwi glisman tè.

6.3 **Rebwazman** — jefò plantasyon pyebwa dirije pa kominote lokal yo sou bò mòn yo, bò rivyè yo, ak nan zòn kritik nan basen vèsan yo, ak espès pyebwa ki byen adapte selon kondisyon lokal yo.

6.4 **Vilgarizasyon agrikòl endividyèl** — li dwe baze sou yon modèl ki mache byen deja, ki pase pa asosyasyon ti plantè ki pral pataje konesans yo jwenn sou pratik agwoekoloji yo bay lòt plantè, olye pou l ta baze sou sipèvizyon ajan vilgarizasyon ekstèn.

6.5 **Redwi depandans sou entran chimik** — sipò pou ede ti plantè yo fè tranzisyon pou kòmanse itilize plis entran òganik ki pwodwi lokalman epi pou ede yo redwi depandans yo a sou angrè ak pestisid enpòte.

6.6 **Varyete rezistan** — priyorize varyete semans ki adapte ak kontèks lokal yo, ki rezistan kont chanjman klimatik (sechrès, tanperati k ap ogmante) epi ki disponib atravè sistèm bank semans kominotè yo.

6.7 **Pepinyè plant kominotè** — etabli pepinyè ki jere pa òganizasyon agrikiltè pou pwodwi plantil pyebwa fwi ak pyebwa forè pou distribye bay agrikiltè, sipòte sistèm agwoforestri ak pwogram rebwazman yo, epi kreye yon sous lokal dirab ki pa depann sou founisè ekstèn — ansanm ak varyete lokal tankou zoranj si, sitwon vèt ak sitwòn jòn ki gen risk pou yo disparèt nan rejyon an.

6.8 **Sipò pou agrikiltè k ap travay sou tè ki an pant nan kolin oubyen nan mòn** — ki gen ladan envesti nan teras, plantasyon ki swiv kontou yo, ak estrikti kontwòl ewozyon ki adapte pou tè ki an pant, kote degradasyon sòl yo pi grav ak pèt rekòt yo pi sevè.

Pratik sa yo ta dwe entegre nan kourikilòm fòmasyon teknik, epi ta dwe gen agwònom k ap travay ansanm ak asosyasyon plantè yo pou ede yo ranfòse kapasite yo genyen nan domèn sa yo. Objektif la se ranfòse kapasite yo, amelyore aksè a resous yo, ak amelyore konesans agrikiltè yo deja genyen konsènan pratik ki mache byen nan zòn nan.

7 Agrikilti nan kowoperativ

Ti plantè nan Nò ak Nòdès yo konn ap travay sou ti pasèl ki separe youn ak lòt. Kontèks sa a limite pwodiksyon agrikòl la, li rann envestisman nan sistèm irigasyon ak zouti difisil, epi li konplike jefò pou ede peyizan yo adopte pi bon pratik agrikòl.

Malgre reyalite sa yo, pifò pwogram agrikòl ki fèt deja yo te konn sible agrikiltè endividyèl — ki te souvan konn seleksyone owaza — olye pou yo te ranfòse pwodiksyon kowoperativ agrikòl yo ak enfrastrikti kominotè yo.

BID ak MARNDR ta dwe apiye modèl agrikilti kowoperativ la, ki pèmèt agrikiltè yo mete tè yo, mendèv la, ak resous yo ansanm chak fwa sa a posib.

Sipò sa a ta dwe priyorize :

7.1 Ranfòsman asosyasyon agrikiltè ak kowoperativ ki deja egziste yo

7.2 Siblaj zòn pwodiksyon komen pou kilti priyoritè yo

7.3 Aksè kolektif pou sistèm irigasyon, zouti ak teknòloji / etablisman estokaj yo

7.4 Estrikti gouvènans ki asire transparans ak responsabilite

Apwòch sa a reflete fason kiltivatè yo konn ap kolabore nan yon fason enfòmèl deja, epi li ede yo pwogrese sou chimen pou yo atenn yon pi gran pouvwa ekonomik ak yon pi bon kapasite negosyasyon.

Egalite aksè : Nenpòt entèvansyon nan yon pwojè agrikòl ki enplike koupon oswa lòt fòm sipò pou plantè yo ta dwe disponib pou tout agrikiltè nan zòn pilòt ki satisfè kritè elijibilite pwojè a, pou evite kreye mefyans pami agrikiltè yo epi dekouraje efò kowoperatif yo.

8 Bank zouti

Pifò agrikilti nan rejyon an itilize zouti manyèl yo, sa vle di pwodiksyon an pa mekanize. Rezilta sondaj nou an montre plis pase 70% nan agrikiltè yo konte sou zouti tradisyonèl yo, ak mwens pase 2% gen aksè ak yon traktè. Sa limite pwodiksyon an anpil epi li ogmante chaj mendèv la pou yon popilasyon agrikiltè k ap monte nan laj.

BID ak MARNDR ta dwe envesti nan aksè pataje ak zouti agrikòl modèn atravè asosyasyon agrikiltè ak kowoperativ, olye pou yo ta fè distribisyon endividyèl.

Sa ta dwe gen ladan :

- **8.1** Bank zouti nan chak komin oubyen kowoperativ
- **8.2** Aksè ak charye, ponp, bèf, ak ti ekipman mekanize
- **8.3** Sistèm antretyen ak reparasyon ki egziste nan kominote lokal yo
- **8.4** Zouti yo ta dwe aksesib, bon mache, epi adapte ak kondisyon ki genyen nan jaden ti plantè yo.

9 Aksè ak kredi

Mank kredi abòdab se yon baryè prensipal pou envestisman agrikòl. Plis pase youn sou twa agrikiltè idantifye pwoblèm lajan kòm limit prensipal yo genyen. Apa fon prè kominotè yo, ti agrikiltè yo fè fas ak to enterè ki wo anpil parapò ak prè gran pwodiktè yo konn pran.

BID ak MARNDR ta evite sibvansyon entran akoutèm yo, epi yo dwe konsantre plis sou apiye sistèm kredi ki dirab epi ki jere lokalman.

Sa ta dwe gen ladan :

- **9.1** Fon kredi ki baze nan kominote lokal yo epi ki jere pa asosyasyon agrikiltè
- **9.2** Prè ki gen yon to enterè ki ba epi ki swiv sik pwodiksyon an
- **9.3** Entegre sistèm kredi a ak estrikti kowoperativ yo epi ak bank semans yo
- **9.4** Sipò teknik pou ede agrikiltè yo itilize kredi agrikòl nan yon fason ki efikas

Sistèm kredi sa yo ta dwe ranfòse sistèm ekonomik lokal yo olye pou yo ogmante depandans sou founisè ekstèn.

10 Kloti, elvaj ak papye tè

Elvaj lib se yon defi pèsistan ki andomaje rekòt yo epi dekouraje envestisman nan sektè agrikòl la. Agrikiltè yo toujou ap site kloti kòm yon bezwen enfrastrikti priyoritè pou pwoteje jaden pa yo. Bezwen kloti sa a konekte ak pi gran pwoblèm ki se mank aksè ak papye tè epi entegrasyon elvaj ak plantasyon. Mank papye tè / sekirite fonsyè dekouraje agrikiltè yo pou yo fè envestisman alontèm nan jaden yo.

BID ak MARNDR ta dwe apiye :

10.1 Inisyativ kominotè pou klotire tè nan kèk zòn agrikòl kle

10.2 Mekanis pou pataje kou yo nan asosyasyon agrikiltè

10.3 Jefò pou entegre travay kloti yo nan entèvansyon ki gen rapò ak aksè fonsyè (aksè ak tè) epi planifikasyon aktivite pwodiksyon yo

10.4 Sipò pou sekirize papye tè pou ti agrikiltè, ki gen ladan jwenn papye tè pou dwa fonsyè egzistan, kòm yon fondasyon pou envestisman agrikòl alontèm

10.5 Sipò pou entegre elvaj kòm yon eleman nan sistèm pwodiksyon ti agrikiltè yo

Kloti ak papye tè se kondisyon debaz men ki nesesè pou amelyore pwodiksyon an ak pèmèt yon pwodiksyon agrikòl ki plis entansif.

11 Asirans kont risk

Agrikiltè fè fas ak risk konstan, tankou sèchrès, twòp lapli, ensèk, ak semans move kalite – pami pwoblèm sa yo, sechrès pou kont pa l te lakòz prèske lamwatye nan pèt rekòlt ki anrejistre yo, selon rezilta sondaj ki fèt ak agrikiltè yo nan rejyon an. Risk sa yo dekouraje envestisman epi yo ranfòse sik povrete a.

BID ak MARNDR ta dwe apiye devlopman sistèm jesyon risk agrikòl ki aksesib, ki gen ladan :

1.1 Asirans rekòt ki adapte ak bezwen ti agrikiltè yo

1.2 Mekanis pataj risk atravè kowoperativ

1.3 Sistèm alèt bonè ak enfòmasyon klimatik

1.4 Sipò teknik nan men agwonòm pou ede kiltivatè yo jere risk ak pran desizyon sou plantasyon yo a

Sistèm sa yo ta dwe senp, transparan, ak elabore pou agrikiltè ki gen yon kantite resous finansyè ki limite.

12 Enfrastrikti wout

Pifò agrikiltè vann pwodwi pa yo nan mache piblik yo, souvan pou yon pri ki ba anpil akoz pwoblèm transpò ak aksè nan mache yo. Enfrastrikti wout ki nan move kondisyon ogmante pèt yo sibi apre rekòt la epi yo limite aksè ak pi bon mache.

BID ak MARNDR ta dwe envesti nan :

12.1 Reyabilitasyon wout agrikòl ki konekte chan agrikòl yo ak mache yo

12.2 Transpò kolektif ki pèmèt ti agrikiltè yo travay ansanm pou transpòte rekòt yo nan mache

12.3 Sistèm antretyen ki enplike kominote lokal yo

12.4 Entegrasyon ak envestisman nan sistèm pwodiksyon ak depo estokaj yo

Pou asire agrikiltè yo ka rantre plis lajan lè pwodiksyon yo a ogmante, li esansyèl pou gen bonjan wout.

13 Transfòmasyon alimantè

Agrikiltè yo esplike yo konn sibi anpil pèt nan moman rekòt yo akoz mank enfrastrikti estokaj, transfòmasyon, ak aksè nan mache yo. San kapasite pou transfòme pwodwi agrikòl yo, valè pwodiksyon agrikòl la pral rete ba, epi l ap toujou vilnerab ak evolisyon pri yo sou mache a.

BID ak MARNDR ta dwe sipòte devlòpman enfrastrikti transfòmasyon alimantè ak estokaj ki baze nan kominote lokal yo, ki gen ladan :

13.1 Ti batiman pou transfòme fwi ak lòt kilti yo (ji, farin, pwodwi konsève)

13.2 Sistèm estokaj ak konsèvasyon ki jere pa kominote lokal yo

13.3 Fòmasyon sou pratik transfòmasyon a valè ajoute yo

13.4 Enfrastrikti enèji renouvlab — ki gen ladan solè — pou alimante depo estokaj yo ak sant transfòmasyon yo pou redwi depandans sou gaz

13.5 Moulen sereyal kominote ki jere pa kowoperativ agrikòl yo pou redwi depans ki nesesè pou transfòme pwodwi yo ak kenbe yon pi gwo pati nan benefis ki jenere yo anndan kominote yo

Envestisman sa yo ta dwe lye ak estrikti kowoperativ yo epi ak mache lokal yo pou plis nan lajan ki jenere ak aktivite pwodiksyon agrikòl yo kapab rete anndan kominote yo.

Platfòm sa a te devlope epi sipòte pa òganizasyon sa yo nan Nò ak Nòdès Ayiti:

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement d'Haïti (OPODHA), Terrier Rouge

Centre d'Agriculture Saint Barnabas (CASB), Terrier Rouge

Groupement Agricole Ouvray (GAO), Terrier Rouge

Coopérative Agricole Rabourée de Terrier-Rouge (CART)

Initiative pour le Développement Durable d'Haïti (IDDH)

Partenariat pour le Développement Local (PDL)

Fon Lanbi Pou Ayiti (Lambi Fund of Haiti)

Organisation pour le Développement de Femmes Émancipées d'Haïti (ODFEH) Association des Brigadiers Maritimes Actifs de Caracol (ABMAC)

Association des Citoyens Engagés pour le Développement de Welsh (ACEDEW) Association des Citoyens pour le Développement de Pilette (ACIDEF)

Association des Patriotes pour le Développement de Dolval (ACPAD)

Association des Paysans Lombard pour le Développement de Caracol (APLODEC)

Association des Paysans pour le Développement de Caracol (Bas Saline) (APDAC)

Association des Producteurs de Laits et Éleveurs de Ferrier (APLEF)

Combite Paysanne pour le Développement de Lamatrie (COPADEL)

Konbit Volontè pou Devlopman Capotille (KOVDEC)

Men nan Men pou Devlopman Laguamithe (MAFEL)

Mouvement Chrétien pour le Développement de Mont-Organisé (MCDMO)

Mouvman Peyizan Gran Savann (MPG)

Mouvman pou Devlope Agrikilti ak Elvaj nan Karakòl (MODAEC)

Oganizasyon Peyizan pou Devlopman Sylvestre (OPDS)

Organisation Active pour le Développement de Sarazin (OCADES)

Organisation Chrétienne pour l'Avancement de Phaéton (OCAPH)

Organisation Communautaire pour le Développement de Bois-de-Laurence (OCDEB)

Organisation Communautaire pour le Développement de Grand-Bassin (OCODEG)

Organisation des Citoyens Actifs pour le Développement de Côtelette (OCADEC)

Organisation des Citoyens Actifs pour le Développement de Roqué (OCADER) Organisation des Citoyens Engagés pour le Développement de Bois-Blanc (OCEDEB) Organisation des Citoyens Engagés pour le Développement de Camizard (OCEDEC) Organisation des Citoyens Engagés pour le Développement de Dupity (OCEDEP) Organisation des Citoyens Engagés pour le Développement de Mocaneuf (OCEDEM) Organisation des Citoyens Engagés pour le Développement de Sainte-Suzanne (OCEDES) Organisation des Citoyens pour le Développement de Fort-Liberté (OCIDEF)

Organisation des Citoyens pour le Développement de Trou-du-Nord (OCDETNO)

Organisation des Femmes Actives pour le Développement de Cahesse (OFADC)

Organisation des Leaders Avisés pour le Développement de Corosse (Kòwòs) (OLADK)

Organisation des Leaders Avisés pour le Développement de Vallières (OLADVA)

Organisation des Paysans Engagés pour le Développement de Roméo/Malfety (DREMOP)

Organisation des Peuples Luttant pour le Développement Durable Mont-Organisé (OPLDDMO)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Acul-Samedi (OPODAS)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Bas-Perches (OPODEBP)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Cachiman (OPODCA)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Carice (OPODNEC)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Carrefour Sifréus (OPODNE/Carrefour Sifréus)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Garates (OPODGA)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Garde-Saline (OPODGAS)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Grosse-Roche (OPODEG)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Haut-des-Perches (OPODEHP)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Haute-Madeleine (OPODMA)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Juchereau (OPODJ)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Lafleur (OPOLEF)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Loguatte (OPODL)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Mon-Repos (OPODNE/Mon-Repos)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Paulette (OPODEP)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Roche Plate (OPODR)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Saillant (OPODSA)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement du Centre-Ville de Mombin Crochu (OPODCM)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement du Nord-Est / Village EKAM (OPODNE/EKAM)

Organisation pour le Développement Communautaire de Bois Pindry (ODCB)

Organisation pour le Développement de Savane-Carré (ODSAC)

Solidarité Citoyens Actions Libres (SOCIAL)

Tèt Ansanm pou Devlopman Lahatte (TADAH)

Union des Leaders pour le Développement de Terrier-Rouge (ULADET)

Action des Campinordais Engagés (ACE)

Organisation Solidarité pour le Développement de Bassin-Caiman (OSPDB)

Organisation des Citoyens Engagés pour le Développement de Grison-Garde (OCEDG)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Balan de Morne-Rouge (OPODBAM)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Bois-de-Lance (OPODEB)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Bouyaha (OPODB)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Fleury/Nord (OPODNOF)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Limonade (OPODEL)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Mathador/Nord (OPODNOM)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de Quartier Morin (OPODEQ)

Organisation des Peuples Œuvrant pour le Développement de l'Acul du Nord (OPODAN)

Organisation pour le Développement de Caimite (ODC)

Organisation pour le Développement de Labruyère (ODL)

Organisation pour le Développement de Pister (ODP)